


La Bib pou ti moun
prézanté

Pitit gason Gaspiyé a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jezi te renmen pale ak
moun yo sou padon
Bondye. Men, lidè legliz
yo te plenyen sou
zanmitay li ak pechè yo.
Kidonk, Jezi te rakonte
yo twa istwa pou montre
yo Bondye te kontan lè
pechè yo te regrèt
peche yo.

Premye istwa a se
te istwa yon nonm
ki te gen 100
mouton. Youn
nan mouton li
yo te
pèdi.

San pedi tan
bèje a te kite
99 mouton yo
epi li t ale
chèche sa ki
te pèdi a.



3

Bèje a t apral
chache mouton ki te
pèdi a jiskaske li
jwenn li. Apre sa, li
t apral mete l sou
zepòl li epi pote l
jouk li rive lakay li
avèk kè kontan. Li
pral di zanmi l yo :

"Rejwi avèk mwen,
paske mwen jwenn
mouton mwen an ki
te pèdi a."

4

Jezi te eksplike
kijan gen anpil
lajwa nan syèl la
pou yon sèl pechè
ki repanti. Repanti
vle di moun nan
regrèt peche li yo
— regrèt ase pou
li pa peche ankò !




5

Istwa ki te vin
annapre a se te
istwa yon fanm ki
te genyen 10 pyès
lajan, petèt se te
tout ekonomi li.
Yon bagay terib te
rive. Li te pèdi
youn nan pyès li yo.



6

Bale ! Bale ! Bale ! fanm nan te
gade toupatou. Apre sa, li te jwenn
pyès li a. Li te kontan anpil. Èske
w ka devine sa li te fè apre sa ?
Wi, li te di tout zanmi li yo sa.




7



Jezi te di
ankò : "Genyen
lajwa nan
mitan zanj
Bondye yo pou
chak pechè ki
repanti."

8

Twazyèm istwa a se te istwa ki te pi tris Jezi te rakonte. Istwa sa a te pale sou yon pitit gason ki te kite kay papa li.



9

Nan yon peyi byen lwen, pitit gason an te depanse tout lajan li san gade dèyè. Kounye a, kisa li te dwe fè ? Pou te pi konplike bagay yo toujou, te genyen yon grangou (famin) ki te vin rive. Pitit gason an te kapab mouri grangou.



10

Li pa te genyen lespwa, pitit gason an te jwenn yon travay : bay kochon manje. Men, pèsonn pa te ba li anyen pou l manje. Li t ap byen kontan manje nan manje kochon yo. Petèt se sa li te fè ! Lè sa a, pitit gason an te kòmanse ap reflechi : "Lakay papa mwen, menm sèvitè yo gen ase manje pou yo manje."




11

"Mwen ap retounen lakay papa m epi m ap di li mwen regrèt peche m yo. Mwen pa merite pou m pitit li ankò. Mwen espere l ap anplwaye m kòm sèvitè."




12

Pandan pitit gason an te toujou lwen lakay li, papa l te wè l ap vini. Papa a te kouri al rankontre l ak kè kontan. Li te bo l epi li te ba l yon akolad.



13

"Papa, mwen te peche. Mwen pa merite pou m pitit ou ankò." Pitit gason an te vle mande papa li pou l anplwaye l kòm sèvitè. Men, papa li te koupe l : "Pote pi bèl rad la pou mwen, sandal ak yon bag pou pitit gason m nan. Epi prepare yon gwo fèt."



14

Te genyen yon gwo fèt paske pitit gason ki te pati kite kay papa li a te retounen. Jezi te rakonte istwa

sa a pou li montre kijan Bondye renmen resevwa pechè ki repanti epi ki vin jwenn li yo.



15

Pitit gason Gaspiyé a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Lik 15

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

16

Fen

45



60

17

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

18